HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family

7 OKTÒB 2026 VOL. 9

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.

Alo Oktòb

Semèn sa a, n ap fini premye trimès aprantisaj la! Tanpri sonje ke sistèm nòt yo ap fèmen vandredi.

Pandan tout mwa oktòb la, n ap konsantre tou sou tèm Ansèyman Sosyal Katolik la: "Lavi ak Diyite Moun." Pou n onore ansèyman enpòtan sa a, nou ankouraje elèv yo pote don pou ranpli ti boutèy tibebe yo, pandan n ap travay ansanm pou sipòte manman ansent ak tibebe yo nan kominote nou an.

Mèsi dèske w ede n mete lafwa nou an pratik nan montre jenerozite, konpasyon, ak respè pou diyite chak lavi moun.

Selebrasyon Mès Lekòl la

Dimanch sa a, n ap selebre mès lekòl la, avèk patisipasyon klas setyèm ane a. Nou mande tout elèv yo pou yo vini ak inifòm lekòl yo nèt sou yo, epi pou yo rive bò tab piknik yo a 8:30 nan maten. Apre sa, n ap mache ansanm pou n ale legliz la antanke kominote lekòl.

Mès la ap kòmanse egzakteman a 9:00 nan maten. Nou vrèman anvi wè nou tout reyini ansanm nan lafwa, nan fratènite, ak nan lapriyè.

Selebrasyon 75yèm Anivèsè

Nou gen 46 jou sèlman anvan selebrasyon 75yèm anivèsè Lekòl Katolik Holy Family!


Yo deja vann braslè nan biwo prensipal la; asire w ou pran pa w epi vin jwenn nou pou selebrasyon memorab sa a, kote n ap make 75 ane lafwa, aprantisaj ak lavi kominotè.



📸 Pran nan kamera!



Kreyativite ki fèt avèk swen! Elèv nou yo te travay di nan klas kouti a, epi yo te fini avèk fyète pwòp zorye yo te fè ak pwòp men yo. Nou renmen wè yo devlope nouvo konpetans, konfyans nan tèt yo, ak kreyativite — yon pwen kouti apre lòt! 🪡



🎻✨ Y ap fè bèl pwogrè, nòt apre nòt! Elèv nou yo ap devlope konfyans nan tèt yo, kapasite pou yo konsantre, ak talan mizikal pandan y ap pratike violon nan aktivite anrichisman yo. Nou renmen wè talan yo ap devlope!

Fèt Notre-Dame du Rosaire

Jodi a, n ap selebre Fèt Notre-Dam Wozè a; se yon jou espesyal nan Legliz Katolik la ki dedye pou onore Vyèj Mari beni a ak pouvwa lapriyè atravè Wozè Sen an.
Antanke kominote lekòl, nou sonje pou nou vire gade bò kote Mari kòm yon modèl lafwa, konfyans ak devosyon, epi pou nou pran tan pou lapriyè nan lavi chak jou nou. Se pou Notre-Dam Wozè a kontinye gide elèv nou yo, fanmi yo, pwofesè yo ak tout anplwaye yo pou yo vin pi pre Kris la.

Dat Enpòtan

9 Oktòb:
Fen Premye Trimès

11 Oktòb:
Mès Lekòl Dimanch

12 Oktòb:
Pa gen lekòl pou elèv yo
Jounen Fòmasyon Pwofesyonèl

13 Oktòb:
Dezyèm Trimès la Kòmanse

21 Oktòb:
Jounen Foto LifeTouch
Elèv yo dwe mete inifòm konplè

28 - 30 Oktòb:
Selebrasyon "Red Ribbon Mini Week"

2 - 6 Novanm:
Fwa Liv Scholastic

15 - 21 Novanm:
Selebrasyon 75yèm Anivèsè

Rete enfòme epi konekte ak tout sa k ap pase nan HFCS!

📞 Rele nou: (305) 947-6535

🌐 Vizite sitwèb nou an: holyfamilynorthmiami.org

📲 Swiv nou sou Instagram: @HolyFamilyCS

Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè, ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.

Pa gen lekòl lendi 12 oktòb 2026 la.

Nou vle fè nou sonje pap gen lekòl lendi 12 oktòb 2026, paske pwofesè ak anplwaye nou yo pral patisipe nan yon Jounen Devlopman Pwofesyonèl.

Pou fanmi k ap chèche yon aktivite pou pitit yo jou sa a, Monsignor Edward Pace High School ap ofri yon Kan Espò GRATIS pou elèv ki nan klas 3 rive nan klas 8, soti 9:00 nan maten pou rive 2:00 nan aprèmidi.

Sa a se yon bèl opòtinite pou elèv yo rete aktif, devlope konpetans espòtif yo, epi pase bon moman ak lòt elèv. Tanpri sonje se paran oswa moun k ap responsab timoun nan ki dwe jere transpò pou ale ak pou tounen soti nan kan an.

Elèv yo ka enskri pou youn nan espò sa yo:

🏀 Basketball
Klike la a pou enskri:
https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSd3NuUVYltcix_hbgbfSi-5Wr_Yqq95M5Ik7M8yBR_voV6N6A/viewform

🏈 Flag Football
Klike la a pou enskri:
https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSe0J48LJv2AJHsltpWbP6fkDl0qNTiX0Ph553BiAlB6ZiBzmA/viewform

⚾ Baseball
Klike la a pou enskri:
https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSeFY12HtgOPLm6OWaGjHGJzMtlx6FNDpLEhgxd47vvXJhZipQ/viewform







Lifetouch

Picture Day is Coming!

Save the Date!

Smile!

Wednesday, October 21, 2026
Holy Family School

Scan to order now!
Eskane pou w kòmande kounye a!







How It Works:

1

Pre-order today on mylifetouch.com
Create an account or login with your Picture Day ID:

EVTC289XB

Fè yon pre-kòmand sou mylifetouch.com
Kreye yon kont oswa konekte avèk ID "Picture Day" ou a:
EVTC289XB.

2

Students are photographed in their **FULL SCHOOL UNIFORM** on Picture Day.

Elèv yo dwe mete inifòm konplè nan jou foto a.

3

Orders will be sent home with your student after Picture Day.

Elèv yo ap resevwa kòmann yo apre jou foto a.

Questions? Contact our Help Center at **lifetouch.com/support-us.**
Select K-12 School Photography for assistance.
Kesyon? Kontakte Sant Èd nou an nan **lifetouch.com/support-us.**
Chwazi Fotografi Lekòl K-12 pou jwenn asistans.

F26PPEFUS © 2026 Shutterfly Lifetouch, LLC